**312**

# INTERMEDIATE EXAMINATION – 2020 (ANNUAL)

## Model Set

## BHOJPURI (भोजपुरी)

## <u>I.A. – LL-BHOJPURI (OPT)</u>

**समय : 03 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक : 100**

**[Time : 03 Hrs. 15 Minutes]** **Full Marks : 100**

**कुल प्रश्नों की संख्या : 67**

**Total No, of Questions : 67**

***<u>परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–</u>***

***<u>Instructions for the candidates :-</u>***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. इस प्रश्न–पत्र को ध्यान पूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
4. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में विभक्त है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
5. खण्ड–अ में 60 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। इन 60 प्रश्नों में से किन्हीं 50 का उत्तर दिया जाना अनिवार्य है। परीक्षार्थी द्वारा 50 से अधिक प्रश्नों के उत्तर दिये जाने की स्थिति में कम्प्यूटर द्वारा प्रथम 50 प्रश्नों का मूल्यांकन किया जायगा। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–उत्तर पत्रक में दिये गये सही वृत्त को काले/नीले बॉल पेन से भर कर करें। किसी भी प्रकार के व्हाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।
6. खण्ड–ब में कुल 7 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

7. किसी भी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्रों का उपयोग वर्जित है।

## <u>खण्ड–अ (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)</u>

प्रश्न संख्या 1 से 60 तक के प्रत्येक प्रश्न के साथ चार विकल्प दिए गए हैं, जिनमें से एक सही है। इनमें से 50 प्रश्नों का उत्तर लिखना अनिवार्य हैं। अगर कोई परीक्षार्थी 50 से अधिक प्रश्नों का उत्तर देता है तो प्रथम 50 प्रश्नों का ही मूल्यांकन किया जायेगा। अपने द्वारा चुने गये सही विकल्प को OMR–शीट पर चिह्नित करें।

नीचे दिहल वस्तुनिष्ठ प्रश्नन में से सही उत्तर चुनीं – (50 x 1 =50)

1. कबीरदास जी कवना काल के कवि रहीं?

A. आदिकाल B. भक्ति काल

C. रीतिकाल D. आधुनिक काल

2. भोजपुरी के आदि कवि केकरा मानल जाला?

A. कबीरदास B. गोरखनाथ

C. विवेकी राय D. पाण्डेय कपिल

3. 'जोंक' नाटक के मुख्य पात्र के हवे ?

A. नोहर राउत B. बुझावन महतो

C. सिरतन लाल D. केहू ना

4. 'जोंक' के रचना कब भइल ?

A. 1942 B. 1943

C. 1944 D. कवनो ना

5. 'मछरी' कहानी में कवन समस्या उठावल गइल बा ?

A. धार्मिक समस्या B. नारी समस्या

C. वैज्ञानिक समस्या D. कवनो समस्या ना

6. 'लोहा सिंह' रेडियो रूपक केकर लिखल ह

A. प्रेमचन्द B. सतीश्वर सहाय

C. रामेश्वर सिंह काश्यप D. डॉ0 सत्येन्द्र सुमन

7. धरनीदास कवना जिला के रहीं?

A. आरा B. पटना

C. सारण D. कवनो ना

8. भिनकराम जी के पद कवन किताब में संग्रहित बा?

A. कबीर गंथावली B. भिनक दर्शन माला

C. प्रेम प्रकाश D. कवनो ना

9. डॉ0 उदयनारायण तिवारी कवन प्रदेश के रहीं?

A. उत्तर प्रदेश B. मध्य प्रदेश

C. बिहार D. बंगाल

10. हजारी प्रसाद द्विवेदी कवन पत्रिका के संपादक रहीं ?

A. साहित्य लोचन B. सरस्वती

C. सहित्य प्रहरी D. कवनो ना

11. हीरा डोम कवना जिला के रहनिहार रहीं ?

A. पटना B. भोजपुर

C. छपरा D. कवनो ना

12. भगवतशरण उपाध्याय भोजपुरी में अध्यक्षीय भाषण कहवाँ देले रहीं?

A. सिवान B. भोजपुर

C. छपरा D. पटना

13. 'उत्थान' कविता के अनुसार आज सबसे बड़ के भइल बा ?

A. पूँजीपति B. किसान

C. नेता D. मजदूर

14. 'उत्थान' कवन विधा के रचना ह ?

A. कहानी B. नाटक

C. कविता D. निबंध

15. 'अँचरा के छाँह' कहानी के नायक के ह?

A. रामलाल B. तिरलोकी

C. परकास D. केहू ना

16. रामलाल के जान के बचवले रहे ?

A. तिरलोकी B. परकास

C. पिरितिया D. केहू ना

17. 'फिरंगिया' के रचनाकार के नाम बताईं ?

A. मनोरंजन प्रसाद सिन्हा B. हीरा डोम

C. डॉ0 सत्येन्द्र सुमन D. बसंत कुमार

18. फिरंगी लोग कहवाँ के रहन ?

A. भारत B. इंगलैंड

C. श्रीलंका D. अमेरिका

19. रवीन्द्रनाथ ठाकुर के नोबेल पुरस्कार कब मिलल रहे ?

A. 1910 B. 1913

C. 1915 D. 1916

20. रवीन्द्रनाथ ठाकुर कवना भाषा के कवि रहीं ?

A. भोजपुरी B. बंगला

C. मगही D. कवनो ना

21. विद्यानिवास मिश्र जी कवना सदन के सदस्य बनल रहीं?

A. लोकसभा B. राज्यसभा

C. विधान सभा D. एह में से कवनो ना

22. 'शरद के लहंगा' के रचनाकार बानीं –

A. रामनाथ पाठक प्रणयी B. महेन्द्र शास्त्री

C. रामनाथ पाण्डेय D. केहू ना

23. भोजपुरी अंचल में प्रायः केने काली स्थान होला ?

A. पूरब B. पश्चिम

C. उत्तर D. दक्खिन

24. 'केकरा खातिर छठ' कहानी केकर लिखल ह ?

A. शैलेन्द्र नाथ श्रीवास्तव B. रामनाथ पाण्डेय

C. उषा वर्मा D. रामेश्वर सिंह काश्यप

25. छठ कवना महीना में मनावल जाला ?

A. अगहन B. पुष

C. माघ D. कार्तिक

26. 'साल में एक बेर' कवना विधा के रचना ह?

A. कविता B. कहानी

C. नाटक D. कवनो ना

27. ‘भोर हो गइल’ केकर लिखल ह ?

A. पाण्डेय कपिल B. हीरा ठाकुर

C. जितराम पाठक D. केहू ना

28. ‘प्रेम के कलश’ कविता में कवन चीज के विरवा काटे के कहल गइल बा ?

A. प्रेम के B. आम के

C. बीरव के D. जामुन के

29. घर में बच्चा के जनम लेला पर कवन गीत गावल जाला ?

A. सोहर B. कजरी

C. झूमर D. चैता

30. ‘रूप के हिरन’ कविता में कवि के कवन चीज के किलकारी सुनाई पड़त बा?

A. पहाड़ी के B. नदी के

C. हिरण के D. कवनो ना

31. डॉ0 काशी प्रसाद जायसवाल कवना विषय के विद्वान रहीं ?

A. प्राच्यविद्या B. हिन्दी साहित्य

C. भूगोल D. इतिहास

32. ‘मछरी’ के विधा ह –

A. कविता B. नाटक

C. कहानी D. संस्मरण

33. संज्ञा के भेद होखेला –

A. तीन B. चार

C. पाँच D. दू

34. 'रमेश' में संज्ञा ह –

A. जातिवाचक B. व्यक्तिवाचक

C. भाववाचक D. द्रव्यवाचक

35. कबीरदास के पिताजी (पालक) के नाम का रहे ?

A. निरू B. मोहन

C. सोहन D. एह में से केहू ना

36. 'गजानन' कवन समास ह ?

A. तत्पुरूष B. द्वन्द्व

C. द्विगु D. बहुब्रीहि

37. 'कवनो' कवन सर्वनाम ह ?

A. निश्चय वाचक B. अनिश्चय वाचक

C. संबंध वाचक D. निज वाचक

38. 'कुंती' के बैल कइसन रहे ?

A. सोकना B. धवरा

C. करिया D. एह में से कवनो ना

39. 'देखे से कहल न जाय। कहले ना जग पतियाय' केकर पंक्ति ह ?

A. धरनीदास B. तुलसीदास

C. गंगा प्रसाद अरूण D. महेन्द्र सिंह

40. संत भिनकराम जी के गुरू के नाम का रहे ?

A. कबीरदास
B. दुनियाराम बाबा
C. तुलसीदास
D. एह में से कवनो ना

41. 'कम' कवन विशेषण ह ?

A. गुणवाचक
B. परिमाण वाचक
C. संख्या वाचक
D. सर्वनामिक विशेषण

42. उदयनारायण तिवारी जी अखिल भारतीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन के कवन अधिवेशन के अध्यक्षता कइले रहीं ?

A. पहिला
B. दूसरा
C. चौथा
D. पाँचवा

43. 'लोटा–डोरी' समास ह –

A. तत्पुरूष
B. द्वन्द्व
C. द्विगु
D. नञ

44. 'क्रिया' के भेद होखेला –

A. अकर्मक
B. सकर्मक
C. दूनों
D. कवनो ना

45. 'पंचमुखी' समास ह –

A. तत्पुरूष
B. द्वन्द्व
C. द्विगु
D. नञ

46. 'अनंत' समास ह –

A. तत्पुरूष
B. द्वन्द्व
C. द्विगु
D. नञ

47. 'जइधी' के पुल्लिंग का होई ?

A. जीजा
B. जीजी
C. जाउत
D. तीनों

48. 'हम जाइब' में कवन काल ह ?

A. वर्तमान काल
B. भूत काल
C. भविष्यत काल
D. तीनों

49. 'मीनाक्षी सुन्नर लइकी ह' में विशेषण ह –

A. मीनाक्षी
B. सुन्नर
C. लइकी
D. ह

50. 'चौराहा' कवन समास ह –

A. तत्पुरूष
B. द्विगु
C. दूनों
D. कवनो ना

51. अलंकार के कव गो भेद होला ?

A. एक
B. तीन
C. चार
D. पाँच

52. 'प वर्ग' के उच्चारण स्थान ह –

A. ओठ
B. दाँत
C. तालु
D. कवनो ना

53. 'स्टेशन' कवन शब्द ह ?

A. देशज
B. विदेशज
C. दूनो
D. कवनो ना

54. 'अग्नि' कवन शब्द ह ?

A. तत्सम
B. तद्भव
C. देशज
D. विदेशज

55. 'यमुना नदी' कवन लिंग ह ?

A. पुल्लिंग
B. स्त्रीलिंग
C. दूनो
D. कवनो ना

56. एह में से पुल्लिंग शब्द चुनीं

A. नेत्र
B. आँख
C. हवा
D. घास

57. 'ऊँच' के उल्टा शब्द का होई?

A. नीच
B. ऊँचा
C. बीच
D. कवनो ना

58. 'फँसुल' कवन शब्द ह ?

A. तत्सम
B. तद्भव
C. देशज
D. विदेशज

59. 'नव दू ग्यारह भइल' मुहावरा के अर्थ का होई ?

A. भाग गइल
B. ठहर गइल
C. दूनो
D. कवनो ना

60. 'आम के आम, गुठली के दाम' लोकोक्ति के अर्थ का होई ?

A. हानि
B. दुगुना लाभ
C. बराबर लाभ
D. कवनो ना

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. कवनो एगो पर निबंध लिखीं – 1x8=8

दीपावली, ग्रीष्म ऋतु, महात्मा गाँधी, परोपकार, क्रिकेट–मैच

2. कवनो एक पद्यांश के सप्रसंग व्याख्या करीं – 1x4=4

क. रोज विज्ञान के ज्ञान बढ़ते गइल

लोग ऊँचा–से–ऊँचा पर चढ़ते गइल,

आज सगरे आ सबकर उत्थान भइल रे –

ख. सुन्दर सुधर भूमि भारत के रहे रामा,

आज इहे भइलऽ मसान रे फिरंगिया।

3. कवनो एक गद्यांश के सप्रसंग व्याख्या करीं– 1x4=4

क. कुंती के मन करत रहे कि लाज–लिहाज के छोड़ के बाबूजी से अभी जा के कह दे कि बेटी मछरी ह बाबूजी, पानी के बाहर कब तक जिही? सड़ी ना, त बिलाई ले भागी।

ख. जब तक कवि अपना भाषा आ भाव में अपना प्रतिपाद्य में जीही ना तब तक ओकर कविता जनगर ना हो सकी।

4. कवनो एक प्रश्न के उत्तर लिखीं – 1x5=5

क. अपना मित्र के पास एगो पत्र लिखीं जवना में दीदी के विआह के नेवता होखे?

ख. अपना पिताजी के पास एगो पत्र लिखीं, जवना में मेला घुमे जाये खातिर रूपया के माँग होखे ?

## लघु उत्तरीय प्रश्न

5. कवनो पाँच गो के उत्तर दिहीं – 5x2=10

क. 'मछरी' कहानी में नारी के दुःख आ दर्द छिपल बा, सिद्ध करीं।

ख. कबीरदास जी के बारे में लिखीं।

ग. जोंक केकरा के कहल गइल बा?

घ. ग्रियर्सन के परिचय दीहीं।

ङ. 'अछूत की शिकायत' कविता में केकरा से शिकायत कइल गइल बा?

च. भगवतशरण उपाध्याय के परिचय लिखीं।

छ. 'उत्थान' कविता के भावार्थ लिखीं।

ज. आजादी के पहिले अंग्रेज कवन–कवन टैक्स लगवले रहले स ?

झ. 'मानिक मोर हेरइलें' में लेखक का कहे के चाहत बानीं?

ञ. भोजपुरी के विकास में पाण्डेय कपिल के योगदान के वर्णन करीं।

## दीर्घ उत्तरीय प्रश्न

6. कवनो तीन गो के उत्तर लिखीं – 3x5=15

क. भोजपुरी के कवनो एगो कवि के परिचय दीहीं।

ख. 'मछरी' कहानी के आधार पर कुंती के चरित्र–चित्रण।

ग. 'फिरंगिया' कविता के समीक्षा करीं।

घ. ‘अछूत की शिकायत’ शीर्षक कविता के भावार्थ लिखीं।

ङ. ‘जनम आ छठी’ निबंध के सारांश लिखीं।

च. ‘केकरा खातिर छठ’ कहानी के सारांश लिखीं।

7. एकर संक्षेपण करीं – 1x4=4

भाषा ऊ साधन ह जवना माध्यम से हमनी के सोचीं ले आ आपन विचार के प्रकट करीले। इहे भाषा हमनी के उन्नति के आधार बा। अगर आपन भाषा ना रही त हमनी के कवनो पहचान ना होई। विदेशन में आपन मातृभाषा के कारण संपन्नता बा। एकता भी बा। हमनी के मातृभाषा भोजपुरी आठवीं अनसूची में स्थान ना ले पावल। मातृभाषा आपन संस्कृति, गौरवशाली परंपरा, जीवन–मूल्य, वेश–भूषा, रहन–सहन, शिष्टाचार आ विचार–विनिमय हेतु स्वीकृत बोली आउर भाषा के मानक रूप होले। अतः मातृभाषा के उन्नति में हमनी के उन्नति बा।